



# GID POU PASYAN AN



# LIS SIJÈ YO

**3** Byenvini

**4** Pandan Sejou Ou An

Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite

**6** Asirans Sante a (Health Insurance  
Portability and Accountability Act, HIPAA)

**8** Dwa ak Responsabilite Pasyan yo

**12** Asistans pou Lang

**15** Pwogram Patnè Swen

**16** Ekip Swen Ou an

**21** Pandan Ou Isit la

**23** Jesyon Doulè Ou An

**26** Sekirite Swen Ou yo

**28** Aksè nan Enfòmasyon yo

**30** Enfòmasyon sou Faktirasyon

**31** Ekipman pou Pasyan ak Envite yo

**34** Plis Enfòmasyon sou Stamford Health

**35** Rekonesans ak Deziyasyon  
Stamford Health

*Si w bezwen Gid pou Pasyan sa a nan yon lòt lang, tanpri mande yon manm nan ekip swen w lan. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Sèvis Lang nou yo, tanpri li paj 12 la.*

## BYENVINI

Nan non tout ekip la nan Stamford Health, mwen adrese ak nou yon akèy pi plen chalè epi ki sensè. Vizyon nou se pou n patnè swen sante ki pi fyab pou kominote nou sèvi yo, epi nan lopital ki gen klas mondyal nou an, nou founi swen ki santre sou moun. Nou konnen chèche swen medikal kapab yon eksperyans difisil ak estresan, se poutèt sa nou te kreye yon anviwònman ki vrèman reyenvante gerizon an pou pasyan nou yo ak moun k ap bay swen yo.

Sante w, sekirite w, ak byennèt ou se priyorite prensipal nou. Ekip nou an ki resevwa prim ki gen ladan I pwofesyonèl swen sante ki gen anpil konpetans epi ki devwe la pou bay swen ekspè ak konpatisan ki adapte ak bezwen inik ou yo. Nan pake byenvini sa a, ou gen pou w jwenn enfòmasyon esansyèl sou lopital nou an, sèvis li yo, epi ekipman li yo. Mete sou sa, ou gen pou w jwenn detay sou angajman nou pou sekirite pasyan yo, kalite swen yo, vi prive, ak divès resous ki disponib pou ede w pandan sejou w la avèk nou pou mete ou pi alèz.

Nou kwè yon kominikasyon ki ouvè vle di pi bon rezulta nan zafè sante. Nou ankouraje w pou w eksprime tout konpliman, kesyon, oswa preyokipasyon ou ka genyen pandan sejou w avèk nou an. Ekip Relasyon avèk Pasyan nou an disponib pou ou, senpleman rele ekstansyon 2590 la apati anndan lopital la, rele nan 203.276.2590 apati deyò lopital la, oswa mande yon manm ekip swen w lan.

Mèsi paske w chwazi Stamford Health pou bezwen w yo nan zafè swen sante. Nou onore pou n genyen w antanke pasyan nou, epi nou pa ka tann pou nou pran swen ou.

Ak tout kè mwen,



Kathleen A. Silard, Prezidan ak Direktè/Direktris Jeneral  
(Chief Executive Officer, CEO)

## Kisa Sa Vle Di Lè Nou Se yon Lopital Planetree (Ki Santre Sou Pasyan)?

Stamford Health te jwenn Sètifikasyon Lò nan men Planetree International pou Ekselans nan Zafè Swen ki Santre Sou Moun. Antanke yon lopital Planetree, nou kwè:

- Nou se èt imen, k ap pran swen lòt èt imen.
- Nou tout se moun k ap bay swen.
- Bay swen an pi byen reyalize gras ak jantiyès epi kompasyon.
- Swen ki san danje, aksesib, epi ki gen bon jan kalite se bagay ki fondamantal pou swen ki santre sou moun.
- Nan yon apwòch global pou reponn bezwen kò, lespri ak nanm moun yo.
- Fanmi, zanmi, ak pwòch yo enpòtan anpil pou pwosesis gerizon an.
- Aksè ak enfòmasyon sante ki konpreyansib kapab pèmèt moun yo patisiye nan sante yo.
- Opòtinite pou moun yo fè chwa pèsonèl ki gen rapò ak swen yo se yon bagay esansyèl.
- Anviwònman fizik yo ka amelyore gerizon an, sante a, nan byennèt la.
- Maladi a ka yon eksperyans transfòmatè pou pasyan yo, fanmi yo, ak patnè swen yo.

# PANDAN SEJOU OU AN

## Sèvis Restorasyon nan Chanm sou Demann ou

Stamford Health pran angajman pou li amelyore kalite lavi chak jou a lè li ofri chwa nitritif ki favorize yon fason pou viv ki bon pou lasante. Objektif Depatman Manje ak Nitrisyon (Department of Food and Nutrition) an se prepare ak sèvi aliman ki gen pi bon kalite yo pou pasyan nou yo. Nou rekonèt manje jwe yon wòl ki trè enpòtan nan retablisman ou, kidonk pasyan yo ka pase kòmann manje yo a nenpòt ki moman ant 6:45 a.m. ak 6:00 p.m.

Chwa meni yo prezante nan meni sèvis restorasyon nan chanm "Sou Deman Ou An" nou an epi chak jou gen espesyalite ki ajoute sou yo. Si doktè w la te preskri w yon rejim alimantè ki modifie, kèk eleman nan meni an ka pa otorize, epi yon reprezantan sèvis nitrisyon an gen pou l diskite sou opsyon yo avèk ou lè ou pase kòmann ou an. Nou gen pou n fè tout sa nou kapab pou nou reponn ak demann ou an. Tanpri prevwa 60 minit pou yo prepare repa w la avèk aliman ki fre epi pou yo livre w li.

Pou kontakte Depatman Manje ak Nitrisyon an nan Stamford Hospital apati anndan lopital la, konpoze 3663 (FOOD), apati deyò lopital la, rele nan 203.276.3663 (FOOD).

## Sèvis Nitrisyon Klinik

Nou konnen yon bon alimantasyon jwe yon wòl enpòtan nan retablisman w. Ekip Sèvis Nitrisyon Klinik nou an ofri terapi nitrisyonèl medikal nan tout lopital la pandan y ap travay nan tèt kole avèk doktè nou yo pou reponn ak bezwen nitrisyonèl tout pasyan nou yo. Dyetetisyen pwofesyonèl yo kapab founi konsèy pou tout kondisyon medikal ak maladi epi devlope plan swen nitrisyonèl ki apwopriye pou garanti bezwen w yo satisfè. Pou kontakte Sèvis Nitrisyon yo nan Stamford Hospital apati anndan lopital la, konpoze 7477, apati deyò lopital la, rele nan 203.276.7477.



## Entènèt

Lopital la ekipe avèk aksè gratis ak entènèt atravè Wi-Fi nan majorite espas yo. Ou ka konekte antanke yon envite avèk aparèy san fil ou yo. Gen chajè telefòn pòtab ki disponib tou pou w prete. Tanpri mande yon manm nan ekip swen w lan si sa nesesè.

## Get Well Network

Get Well Network la se yon sistèm entèraktif ki dirèkteman sou televizyon w lan. Li pèmèt ou menm ak moun ki pwòch ou yo kominike epi pataje fidbak nou avèk ekip swen sante ou an. Anplis aksè ak fonksyonnalite divètisman yo, ou kapab founi fidbak bay manm pèsònèl nou yo, mande asistans oswa sèvis, epi menm renouvre medikaman ou yo epi fè yo livre yo nan chanm ou an.



Pou w itilize pwòp aparèy ou, tanpri swiv etap ki pi ba yo.

### Ouvri

kamera aparèy ou an epi eskane kòd QR la oswa vizite boutik aplikasyon ki sou aparèy ou an epi chèche GetWell Anywhere.



iPhone



Android

### Telechaje

aplikasyon GetWell Anywhere la sou aparèy entèlijan w lan.



1

2

## Telefòn

Yo mete yon telefòn bò kabann ou an avèk yon nimewo telefòn pèsònèl. Sèvis lokal la gratis.

Pou rele yon ekstansyon yon lòt lopital, tou senpleman konpoze ekstansyon ki gen kat (4) oswa senk (5) chif la. Pou fè apèl lokal, konpoze 9+(203) ak nimewo telefòn sèt (7) chif la. Si apèl la andeyò kòd reyonal Stamford la (203), tanpri konpoze 9+1+ kòd Connecticut la epi apre sa nimewo telefòn ki gen sèt (7) chif la. Apèl long distans anndan Eta a oswa andeyò eta a ka fèt nan de (2) fason:

- Konpoze 9 epi konplete apèl la kòm yon apèl kòlèk.
- Konpoze 9+ nimewo apèl gratis la pou w itilize yon kat apèl. Kat telefòn prepeye yo disponib pou achte nan boutik kado ki nan premye etaj biling prinsipal lopital la.

Pou favorize yon somèy ki trankil, tout apèl antran yo bloke apre 10:00 p.m.

## Lè Vizit yo

Antanke yon lopital Planetree, nou ofri vizit pasyan an dirije ki pèmèt ou detèmine ki moun ou t a renmen ki vizite w, ak kilè sa ap bon pou ou. Gen kèk limitasyon, tanpri vizite paj 31 an pou w jwenn plis enfòmasyon.

## Pòtay Pasyan

Stamford Health ofri yon aksè ki sekirize ak enfòmasyon sou sante pèsònèl ou yo epi rezulta tès yo. Kòm Pòtay Pasyan ou an ka pa genyen tout dosye medikal ou yo, tanpri kontakte Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante a pou w jwenn kopi nenpòt dosye medikal ou ka gen bezwen. Rele ekstansyon 7034 la apati anndan lopital la, oswa rele nan 203.276.7034 apati deyò lopital la, pou w enskri pou Pòtay Pasyan an. Tanpri sonje w ap bezwen nimewo dosye medikal ou a pou w ka enskri nan Pòtay Pasyan Stamford Hospital la.



Enskri Kounye a

Si w fè pati Gwoup Medikal Stamford Health la, tanpri kontakte biwo doktè w la pou w enskri.

## Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante a

Lwa sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante a pwoteje sekirite ak konfidansyalite enfòmasyon sou sante ki pwoteje yo (Protected Health Information, PHI). PHI yo defini kòm enfòmasyon sou sante yo kapab idantifye endividyeòlman ki lye ak yon idantifyan inik tankou non pasyan an, nimewo dosye medikal la, elatriye. Nan Stamford Health, nou pran mezi pwo-aktif pou pwoteje enfòmasyon medikal ak enfòmasyon sou sante ou yo. Tout pasyan ki vini nan lopital la pou trètman resevwa yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite nou an. Avi sa a dekri kòman yo ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal/sante ou yo, epi kòman ou ka aksede ak enfòmasyon sa yo. Avi a afiche nan zòn resepsyon biwo medikal Stamford Health la epi y ap ba w yon kopi si w mande sa. Ou kapab aksede ak avi a tou sou sit entènèt nou an ki la a: <https://www.stamfordhealth.org/patients/rights/>. Pa ezite kontakte Liy Asistans Konfidansyalite a pou nenpòt kesyon ou ka genyen konsènan dwa w genyen nan zafè vi prive lè w rele ekstansyon 4108 la apati anndan lopital la, oswa 203.276.4108 apati deyò lopital la.



Dwa Pasyan yo



# Dwa ak Responsabilite Pasyan an

Pasyan yo merite pou yo respekte dwa yo, e yo mande yo pou yo pran responsablite yo antanke pasyan, responsablite Depatman Sante Piblik (DPH), Sant pou Medicare & Medicaid (CMS) defini, e "Joint Commission" ki vle di "Komisyon ki ansanm yo" jere.

"Stamford Health" ki vle di "Sante nan Stamford" pran angajman pou bay bonjan swen bay pasyan yo toutpandan li respekte dwa, diyite ak chak sa moun bezwen pèsonèlman.

## Dwa Pasyan an

### Konfidansyalite

Ou gen dwa pou yo respekte vi prive w ak konfidansyalite w. Moun ki pa patisipe nan swen w pa ka resevwa enfòmasyon sou ou san pèmisyon w. Ou gen dwa pou ou konnen ki wòl nenpòt obsèvatè genyen nan swen w epi pou ou mande nenpòt obsèvatè ki pa gen rapò ak swen w pou li deplase si w mande sa a.

### Respè

Ou se yon moun ki enpòtan epi ki inik, epi nou pral trete w nan yon fason ki montre respè ki sipòte diyite w. Nou pral prezante tèt nou ba ou, eksplike wòl nou nan swen w, epi tandem sa a w di nou. Nou pral respekte valè endividyle ou yo, kwayans kiltirèl ak kwayans reliye w yo. Si w vle, yon manm Depatman Sante Espirityèl ak Byennèt nou an ap vizite w pou sipòte bezwen espirityèl ou yo. Chak pasyan gen dwa pou yo jwenn pi bon swen medikal ki disponib, san yo pa konsidere laj li, ras, orijin etnik, reliyon, kilti, lang, andikap fizik oswa andikap mantal, sitiyasyon sosyal ak ekonomik, sèks, (tankou, men se pa sa yo sèlman, diskriminasyon akoz gwozès, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl ak ekspresyon seksyèl), oswa kapasite l pou li peye.

### Enfòmasyon

Ou gen dwa pou ou jwenn enfòmasyon konplè sou eta sante w, tretman ki rekòmande, lòt opsyon tretman, avantaj, ak risk, epi pou ou menm ak patnè w la (yo) patisipe nan plan swen w ak tretman w lan. Ou ka poze kesyon sou swen w nenpòt lè, epi n ap reponn yo onètman epi klèman. Si yo mande w pou ou patisipe nan yon etid rechèch, ou gen dwa pou ou jwenn yon eksplikasyon konplè sou etid la, tankou risk potansyèl yo, konplikasyon, avantaj ak lòt opsyon yo. Epitou ou gen dwa pou refize patisipe nan nenpòt etid rechèch san sa a pa afekte swen yo ba ou akoz ou refize a.

Ou gen dwa pou ou jwenn yon kopi dosye medikal ou apre egzeyat ou epi nan yon delè rezonab (apeprè 30 jou) apre Depatman Jesyon Enfòmasyon Sante a resevwa demann alekri w la. Chak pasyan gen dwa pou l mande epi resevwa (nan lespas 72 èdtan) yon kopi enfòmasyon sou egzeyat li sou CD, imel ki an sekirite, oswa sou yon dyonp pou li konsève sou fòm elektwonik pou dosye pèsonèl li. Si yo mande dosye w yo pou yon lòt doktè k ap trete w oswa pou yon lòt pwofesyonèl swen sante, Stamford Health ap bay pwofesyonèl swen sante a enfòmasyon sa yo dirèkteman gratis epi pi vit posib.

Ou gen dwa pou gade dosye medikal ou a pandan tan ou entène lopital la. Lè w mande sa a, enfimyè w la ap fè aranjman pou ou wè dosye medikal la. Enfimyè a ap prezan pou l reponn nenpòt kesyon ki gen rapò ak enfòmasyon ki nan dosye a pou l asire konfidansyalite. Yo ka mande apwobasyon anvan yo pibliye dokiman sou sante konpòtman oswa dosye yon timoun minè nan sèten sitiyasyon.

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon detaye sou fakti w la. Ou gen dwa pou mande enfòmasyon sou posiblite pou èd finansye pou fakti lopital ou yo epi pou resevwa enfòmasyon ak asistans pou jwenn èd sa a.

### **Jesyon Doulè**

Kòm yon pasyan, ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon sou doulè ak mezi pou soulajman doulè. Ou gen dwa pou gen yon estaf ki enfòme epi ki sousye ki fè entèvansyon san pèdi tan si w di ou gen doulè ak pi bon metòd posib pou soulaje doulè yo ka bay yon fason ki san danje.

Ou responsab pou ou poze doktè w oswa enfimyè w la kesyon konsènan ki doulè ou dwe atann ak ki opsyon ki disponib pou jesyon doulè. Ou pral bezwen mande soulajman pou doulè lè doulè a kòmanse premye fwa, ede doktè a oswa enfimyè a mezire doulè w la, epi fè doktè a oswa enfimyè a konnen si doulè w la pa soulaje. Nou la pou nou asire konfò w ak sekirite w.

### **Kalite**

Pwofesyonèl ki gen fòmasyon pral travay ansanm pou pran swen w. Ou gen dwa pou ou konnen non doktè a, sikològ klinik lan, oswa lòt doktè ki responsab tretman w lan epi pou ou pale ak doktè sa a ak lòt moun ki patisipe nan swen w. Stamford Hospital se yon lopital ansèyman, epi se poutèt sa ou ka rankontre doktè, enfimyè ak lòt travayè swen sante ki nan fòmasyon ki pral patisipe nan swen w ak tretman w sou direksyon sipèviziè yo.

Ou gen dwa pou resevwa swen nan yon anviwonman ki an sekirite ak sipò, san abi oswa asèlman. Nou pral travay avèk ou pou rann tann ou pase lopital la pi konfòtab posib epi pou sipòte dwa ou genyen pou jwenn sèvis pwoteksyon. Anvan w kite Lopital la, n ap travay avèk ou sou plan egzeyat ou a epi n ap anseye w sa w bezwen konnen pou ou kontinye pran swen tèt ou lakay ou.

### **Chwa**

Ou gen dwa pou ou fè chwa konsènan swen w. Doktè w la pral eksplike w avantaj, risk, ak lòt opsyon tout tretman yo pou ou ka pran desizyon ki bon pou ou.

Ou gen dwa pou ou mande yon dezyèm opinyon konsènan tretman w lan epi pou mande non lòt doktè ki kapab bay dezyèm opinyon sa a.

Ou ka refize tretman jan lalwa pèmèt sa a. Nou pral respekte chwa w yo epi kontinye ba w pi bon swen Lopital la ka ofri selon sikonstans yo.

Ou gen dwa pou prepare direktiv alavans ki endike volonte w pou tretman medikal epi pou nonmen yon moun ki pou pran desizyon konsènan swen medikal pou ou si w ta vin pa kapab fè sa a. N ap kontan ede w dokimante volonte w ak enstriksyon w yo. Anplwaye Stamford Health yo pral bay swen ki konfòm avèk enstriksyon sa yo.

Ou gen dwa pou kite Lopital la menm si doktè w konseye w pou rete lopital, sof si ou genyen sèten maladi trapan ki ka afekte sante lòt moun oswa sof si ou p ap kapab garanti sekirite w, oswa sekirite lòt moun jan lalwa defini sa a. Si w chwazi kite Lopital la menm si doktè w konseye w pou rete lopital, Stamford Health pap responsab pou okenn domaj sa a ka lakòz, epi n ap mande w pou ou siyen yon dokiman ki di w ap kite Lopital la menm si doktè w la konseye w pou rete lopital.

## **Vizit**

Stamford Health gen vizit selon jan pasyan an vle sa a ki pèmèt yon anviwònman vizit san restriksyon. Ou gen dwa pou resevwa vizitè ou deziyen yo, tankou men se pa sèlman mari oswa madanm, patnè k ap viv avèk ou nan kay (tankou patnè ki gen menm sèks), pwòch, oswa zanmi. Epitou pasyan yo gen dwa pou yo retire oswa refize konsantman pou vizit yo nenpòt lè. Si w retire oswa refize konsantman pou vizit yo, anplwaye yo pral pran mezi pou respekte demann sa yo, nan tout nivo sa a posib. Vizitè yo pral genyen privilèj vizit konplè epi ki egal selon preferans ou yo. Anplis de sa a, y ap enfòme w sou nenpòt restriksyon klinik oswa limit sou dwa w pou vizit yo. Nan sitiyasyon kote pasyan an pa kapab kominike volonte li yo, reprezantan swen sante pasyan an deziyen an ka tabli limit vizit yo.

## **Konfli**

Sizoka ta gen yon konfli konsènan swen yon pasyan, ekip swen pasyan an pral travay ak pasyan an ak fanmi li pou jwenn yon rezolisyon. Chèf depatman an, patnè relasyon pasyan an, jesyon enfimyè a, administrasyon an ak/oswa Komisyon Etik la tout disponib pou ede rezoud konfli a. Prezidan Direktè Jeneral la oswa moun li nonmen an gen otorite final pou rezoud pwoblèm admisyon, tretman ak egzeyat yo.

## **Sijesyon, Plent, oswa Konpliman**

Stamford Hospital anboche yon Depatman Relasyon Pasyan an pou asire pi bon sèvis posib pou pasyan nou yo ak fanmi yo. Si w gen yon sijesyon, plent, oswa konpliman sou nenpòt aspè nan swen w isit la, nou ankouraje w kontakte Depatman Relasyon Pasyan nou an pandan w konpoze nimewo 203-276-2590. Epitou ou ka mande anplwaye yo pou yo kontakte yon patnè relasyon pasyan pou ou. Depatman Relasyon Pasyan an ap fè tout efò posib pou rezoud plent ou an alè.

Epitou ou kapab eksprime enkyetid oswa plent ou yo lè w kontakte Règleman Sistèm Sante yo, Depatman Sante Piblik, ki chita nan 410 Capitol Avenue, Hartford, CT 06134, (860) 509-7400 ak/oswa Komisyon Konjwen an, Biwo Siveyans Kalite, One Renaissance. Blvd., Oakbrook Terrace, Illinois, 60181, (630) 792-5000 nan nimewo (800) 994-6610.

Ou gendwa depoze yon plent pou diskriminasyon tou nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo Dwa Sivil yo pa mwayen elektwonik atravè Pòtay Plent Biwo pou Dwa Sivil la, ki disponib sou: <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf> oswa pa lapòs nan: U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W, Room 509F, HHH Building, Washington, D.C. 20201.

## **Satisfè bezwen w yo**

Si w bezwen yon entèprèt, n ap ba w youn. Si w bezwen ekipman espesyal, n ap fè w jwenn li. N ap ede w kontakte zanmi w yo ak fanmi w nan telefòn oswa pa lapòs. Si w gen nenpòt lòt bezwen, n ap fè tout sa a ki posib pou nou satisfè yo. Tanpri fè estaf enfimyè a konnen sa a. N ap fè tout efò posib pou nou garanti nenpòt bezwen kiltirèl, rejim alimantè ak reliyon yo satisfè.

## **Avi Otopsi**

Lwa Connecticut mande pou nou enfòme w, kòm yon pati nan deklarasyon dwa pasyan an konsènan dwa ou yo pou ou mande yon otopsi. Lalwa prevwa pou manm fanmi ki pi pwòch ou a oswa pou moun ou nonmen legalman gen gad legal ak kontwòl kò w si w mouri. Li ka fè aranjman pou yon otopsi fèt nan Stamford Hospital oswa nan yon lòt enstitisyon. Epitou menm moun sa yo dwe bay konsantman yo pou yo fè otopsi sa a. Si li vle yon otopsi, manm fanmi ki pi pwòch ou a oswa reprezantan legal ou a kapab:

- Mande pou Stamford Pathology, P.C., fè otopsi a nan Stamford Hospital. Nan ka kote yo endike yon otopsi sou pwen medikal, y ap fè otopsi a gratis. Sinon, manm fanmi ki pi pwòch la oswa reprezantan legal la dwe fè aranjman epi peye pou sa a.
- Mande pou yon patolojis fè otopsi a nan Stamford Hospital ki pa afilye ak Stamford Hospital; se manm fanmi ki pi pwòch la oswa reprezantan legal la ki dwe fè aranjman epi peye pou otopsi a.
- Mande pou yon lòt sant fè otopsi a; se manm fanmi ki pi pwòch la oswa reprezantan legal la ki dwe fè aranjman epi peye pou otopsi a.

## **Responsabilite Pasyan an**

- Ou responsab pou ou bay doktè w la ak lòt anplwaye ki konsène yo enfòmasyon medikal egzak epi ki konplè.
- Ou responsab pou ou swiv plan tretman doktè w la devlope a epi pou ou poze kesyon si yon bagay pa klè oswa si w bezwen plis enfòmasyon.
- Ou responsab pou konsekans sou sante w yo si w refize tretman medikal oswa si w pa suiv plan tretman doktè w la.
- Ou gen responsabilite finansye pou pèman pou swen yo ba w nan Stamford Health. Ou responsab pou ban nou enfòmasyon sou asirans ki ajou, pou nou ka fè tout efò posib pou nou soumet reklamasyon asirans yo alè.
- Ou responsab pou pwòp zafè pèsonèl ou yo epi pou respekte zafè pèsonèl lòt pasyan yo, ak anplwaye yo nan Stamford Health. Yo mete yon kòfrefò nan chanm chak pasyan yo epi n ap kontan pou nou sekirize tout bagay ki gen anpil valè nan Kòfrefò Depatman Sekirite nou an.
- Ou responsab pou ou konsidere dwa ak bezwen lòt pasyan yo ak anplwaye yo ki nan Lopital la. Yo entèdi foto, anrejistreman vidéyo, anrejistreman odyo ak difizyon an dirèk nan Stamford Health.
- Ou responsab pou swiv règ ak règleman Stamford Health konsènan swen medikal ak konduit. Stamford Health se yon espas pou gerizon ak respè mityèl. Nou gen zewo tolerans pou konpòtman san respè oswa agresif anvè anplwaye yo, pasyan yo, oswa vizitè yo.
- Ou responsab pou ou pwoteje sante w ak sekirite w pandan w pa fimen (tankou, men se pa sèlman itilizasyon tabak, ak pwodui vapè) sou pwopriyete Stamford Health.
- Yo entèdi zam ak lòt materyèl ilegal sou pwopriyete Stamford Health.

# **NAN STAMFORD HOSPITAL, NOU RETE KWÈ SWEN SANTE T A DWE AKSESIB POU TOUT MOUN.**

If English is not your spoken language, or if you are deaf or hard of hearing, Stamford Health has language assistance services available to you. We will make every effort to accommodate your needs, free of charge.

## **العرب (Arabic)**

ي ه ئيزيل جن إل ا ئغلل ا نكثت مل اذا .عيمجل ا لوانتم يف نوكثت نأ ي غبن ي ئي حصل ا ئي اعرلا نأ Stamford Health يف نمئن نحن لذبن س. ئيوغلل ا قدعا سم ا تامدخ كل رفوت Stamford Health نإف ، عمسلا فـي عض وـ مصـأـتنـكـ اذاـ وـأـ، اـبـ ثـدـحـتـ يـتـلـاـ ئـغـلـلـاـ .أنـاجـمـ كـتـاجـاـيـتـحـاـ ئـيـبـلـتـلـ انـدهـجـ ئـرـاصـقـ.

## **Ελληνικά (Greek)**

Στην Stamford Health, πιστεύουμε ότι όλοι θα πρέπει να έχουν πρόσβαση στην υγειονομική περίθαλψη. Εάν τα αγγλικά δεν είναι η μητρική σας γλώσσα ή εάν έχετε κωφότητα ή βαρηκοΐα, έχετε στη διάθεσή σας υπηρεσίες γλωσσικής βοήθειας που τις παρέχει η Stamford Health. Θα καταβάλουμε κάθε προσπάθεια να εξυπηρετήσουμε τις ανάγκες σας, χωρίς να επιβαρυνθείτε οικονομικά.

## **Español (Spanish)**

En Stamford Health, creemos que la atención médica debe ser accesible para todos. Si no habla inglés o tiene sordera o dificultades auditivas, Stamford Health le ofrece servicios de asistencia lingüística. Haremos todo lo posible para adaptarnos a sus necesidades, sin que ello represente costo alguno para usted.

## **Français (French)**

À Stamford Health, nous pensons que les soins de santé doivent être accessibles à tous. Si l'anglais n'est pas votre langue maternelle, ou si vous êtes sourd ou malentendant, Stamford Health met à votre disposition des services d'assistance linguistique. Nous ferons tout notre possible pour répondre à vos besoins, gratuitement.

## **Kreyòl Ayisyen (Haitian Creole)**

Nan Stamford Health, nou kwè swen sante ta dwe aksesib pou tout moun. Si anglè pa lang ou pale oswa si ou soud oswa ou gen pwoblèm pou tande, Stamford Health gen sèvis asistans lang disponib pou ou. Nou ap fè tout efò posib pou akomode bezwen ou yo, gratis.

## **हिन्दी (Hindi)**

Stamford Health मे हमारा मानना है कि स्वास्थ्य देखभाल तक हर एक को पहुंच प्राप्त होनी चाहए। अगर आप अंग्रेजी नहीं बोलते हैं, या आप बहरे हैं या सुनने में कठनिई होती है, तो Stamford Health आपके लिए भाषा सहायता सेवाएँ उपलब्ध करवा सकता है। हम आपकी ज़रूरतों को बना किसी शुल्क के समायोजित करने की पूरी कोशशि करेंगे।

## **Italiano (Italian)**

A Stamford Health, riteniamo che l'assistenza sanitaria debba essere accessibile a tutti. Se l'inglese non è la Sua lingua, o se è non udente o ha problemi d'udito, Stamford Health mette a Sua disposizione servizi di assistenza linguistica. Faremo di tutto per soddisfare le Sue esigenze, gratuitamente.

## **한국어 (Korean)**

Stamford Health 에서는 의료 서비스가 모든 사람에게 제공되어야 한다고 믿습니다. 영어가 귀하의 언어가 아니거나 청각 장애가 있거나 난청이 있는 경우 Stamford Health는 귀하에게 언어 지원 서비스를 제공합니다. 우리는 귀하의 요구를 무료로 수용할 수 있도록 최선을 다할 것입니다.

## Polski (Polish)

W Stamford Health uważamy, że opieka zdrowotna powinna być dostępna dla każdego. Jeśli posługują się Państwo językiem innym niż angielski, są Państwo osobami niesłyszącymi lub niedosłyszącymi, Stamford Health oferuje usługi pomocy językowej. Dołożymy wszelkich starań, aby dostosować się do Państwa

## Português (Portuguese)

No Stamford Health, acreditamos que cuidados de saúde devem estar acessíveis a todos. Se o inglês não for seu idioma, ou se você é surdo ou possui dificuldade de audição, o Stamford Health tem serviços de auxílio com o idioma disponíveis para você. Faremos todos os esforços para acomodar suas necessidades de maneira gratuita.

## Русский (Russian)

В организации Stamford Health мы считаем, что здравоохранение должно быть доступным для каждого человека. Если английский язык не является вашим разговорным языком, или вы глухой или слабослышащий человек - в таком случае организация Stamford Health предлагает вам услуги по языковой помощи. Мы приложим все усилия для того, чтобы бесплатно удовлетворить ваши потребности.

## 简体中文 (Simplified Chinese)

在 Stamford Health，我们相信每个人都应该获得医疗保健服务。若您的口语不是英语，或您耳聋或有听力障碍，Stamford Health 可以为您提供语言援助服务。我们将尽一切努力免费满足您的需求。

## Shqip (Albanian)

Në Stamford Health, ne besojmë se të gjithë duhet të kenë qasje në kujdesin shëndetësor. Nëse anglishtja nuk është gjuha që flisni, ose nëse jeni të shurdhër apo me vështirësi në dëgjim, Stamford Health ka në dispozicion shërbimet e ndihmës gjuhësore për ju. Ne do të bëjmë çdo përpjekje për të plotësuar nevojet tuaja pa pagesë.

## Tagalog (Tagalog)

Sa Stamford Health, naniniwala kaming ang pangangalagang pangkalusugan ay dapat na bukas para sa sinuman. Kung hindi Ingles ang wikang ginagamit ninyo sa pagsasalita, o kung kayo ay may kapansanan sa pandinig o hirap sa pandinig, may maidudulot na mga serbisyon tulong sa wika ang Stamford Health.

## Tiếng Việt (Vietnamese)

Tại Stamford Health, chúng tôi tin rằng dịch vụ chăm sóc sức khỏe nên dành cho tất cả mọi người. Nếu tiếng Anh không phải là ngôn ngữ giao tiếp của quý vị hoặc nếu quý vị bị điếc hoặc lão tai, Stamford Health sẵn sàng cung cấp cho quý vị các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ. Chúng tôi sẽ cố gắng hết sức để đáp

## ASISTANS POU LANG

Nan objektif pou facilite aksè ak swen sante yo, Stamford Hospital founi yon kantite sèvis entèpretasyon ki gen pam yo entèprèt an pèsòn, pa telefòn, ak entèprèt atravè videoyo a distans. Entèprèt pa telefòn ak videoyo a distans nou yo disponib atravè aparèy Language Line yo nan tout sistèm lopital la. Language Line ofri plis pase 240 lang ak dyalèk, ki enkli Lang Siy Ameriken. Yo itilize Language Line pou kominike avèk moun ki gen konpetans limite nan lang anglè yo (Limited English proficiency, LEP) epi li kapab kominike avèk pasyan ki soud oswa ki gen difikilte pou tandé yo epi manm fanmi yo pandan tout sejou yo a. Sa a ede nou pi efikas nan evalyasyon doulè pasyan nou yo, eksplikasyon medikaman ak efè segondè yo, komunikasyon enfòmasyon enpòtan yo konsènan egzeyat, eksplikasyon sou tès ak pwosedi yo, epi ranplisaj fòm konsantman yo. Sa ki pi enpòtan toujou, itilizasyon Language Line pèmèt pasyan nou yo patisipe epi pi byen enfòme konsènan plan swen yo nan lang yo pi pito pale a.

Anplis Language Line, yo ka rele yon entèprèt an pèsòn pou fè entèpretasyon arebò kabann nan a nenpòt ki moman. Tanpri mande yon manm nan ekip swen w lan si w t a renmen genyen yon entèprèt an pèsòn.

Pou pasyan nou yo ki soud oswa ki gen difikilte pou tandé yo, Stamford Health itilize tou yon Videyofòn Sorenson Communications, ki pèmèt pasyan nou yo ki soud oswa ki gen difikilte pou tandé yo kominike ak pwòch yo ki andeyò lopital la. Yo itilize aparèy sa a pou apèl antran ak sòtan yo epi yo ka itilize I kòm yon zouti komunikasyon si pa gen yon entèprèt an pèsòn ki disponib. Tanpri mande yon manm nan ekip swen w lan si w t a renmen itilize yon aparèy Sorenson.

Yo founi tout sèvis sa yo pou ou memm oswa fanmi ou san nou pa bezwen peye okenn frè. Manm ekip swen w yo ap twò kontan ede fè aranjman pou sèvis entèprèt yo.



# PWOGRAM PATNÈ SWEN

Fanmi an ak zanmi yo jwe yon wòl ki esansyèl nan pwosesis gerizon an. Pwogram Patnè Swen Stamford Health la bay yon opòtinite pou pwòch yon pasyan patisipe nan swen li yo. Pwogram Patnè Swen an founi yon entwodiksyon ak swen debaz yo yon pasyan ka bezwen lakay li apre li fin egzeyate. Moun ki gen pou l founi swen adomisil yo t a dwe yon patnè swen ideyal.

## *Objektif Pwogram Patnè Swen yo:*

- Amelyore enplikasyon fanmi an ak zanmi yo nan eksperyans lopital la.
- Ofri patnè swen yo opòtinite pou yo patisipe nan edikasyon pasyan yo nan zafè soutyen fizik, emosyonèl ak espirityèl pasyan yo.

## **Kiyès Ki Ka yon Patnè Swen?**

Nenpòt moun yon pasyan chwazi pou patisipe nan swen li yo kapab yon patnè swen, ki enkli manm fanmi ak zanmi.

## *Responsabilite Patnè Swen yo:*

Sa a ka enkli tach bazik tankou:

- Ede ak seleksyon meni yo, repa yo, ti goute yo, ak alimantasyon an.
- Founi swen pèsonèl – pa egzanp, benyen oswa penyen.
- Aprann chanjman pansman ki senp yo.
- Siveyans antre ak sòti yo.
- Ede avèk deplasman a pye / nan chèz woulant yo.
- Jere konfò pasyan an nan vizite li, fè lekti pou li, chita ak li, epi ofri l soutyen si sa nesesè.
- Aji kòm pòtpawòl pou fanmi an ak zanmi yo konsènan pwogrè pasyan an.
- Ede reponn ak lòt bezwen pasyan an ka genyen.

## *Direktiv pou Patnè Swen yo:*

- Enfimye/è inite yo gen pou yo fè fòmasyon pou patnè swen yo pou yo ede avèk swen woutin yo epi ede pasyan an pandan sejou li nan lopital la.
- Enfimye/è yo gen pou yo responsab pou dokimantasyon ak sipèvizon patnè swen pasyan an.
- Yo gen pou yo konsidere patnè swen yo kòm vizitè nan sa ki konsène politik ak responsablite lopital la.
- Nou ankouraje patnè swen w lan pou l kite yon nòt pou ekip swen an sou tablo blan elektwonik Get Well Network la.

Pou plis enfòmasyon, tanpri pale ak enfimye/è pwòch ou an, oswa kontakte Depatman Relasyon avèk Pasyan (Patient Relations Department) yo nan ekstansyon 2590 la, oswa rele 203.276.2590 apati deyo lopital la. Si ou t a renmen nonmen yon moun pou li gen aksè ak dosye medikal ou yo epi enfòmasyon w yo, tanpri ranpli fòm Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon ki nan dosye pasyan an epi retounen li bay ekip swen w lan.


## EKIP SWEN OU AN

Manm pèsonèl medikal nou yo, anplwaye nou yo epi volontè nou yo travay an ekip pou founi swen ki respekte bezwen fizik, emosyonèl ak espirityèl pasyan nou yo ak fanmi yo. Si gen nenpòt bagay nou ka fè pou rann ou pi alèz pandan sejou ou an, tanpri pale ak enfimye/è ou an oswa enfimye/è an chèf la, oswa kontakte Relasyon avèk Pasyan yo nan ekstansyon 2590 la, oswa apati deyò lopital la nan 203.276.2590.



## **Swen Enfimye**

Enfimye/è nou yo akòde priyorte ak pasyan nou yo. Yo nan premye ran nan inisyativ yo pou sekirite pasyan yo epi yo konsakre yo ak retablisman w epi byennèt ou. Chak lane, anpil nan enfimye/è nou yo jwenn sètifikasyon nasyonal espesyalizasyon nan swen enfimye yo, epi an 2016 nou te resevwa deziyasyon Magnet® la nan men Sant Akreditasyon Enfimye/è Ameriken (American Nurses Credentialing Center, ANCC) an - pi gwo onè pou ekselans sèvis enfimyè yon lopital ka resevwa. Enfimye/è nou yo pa sèlman pran swen ou pandan sejou ou nan lopital la, men tou yo fè swivi apre egzeyat la lè yo rele 24 èdtan apre sa pou asire yo w ap pousuiv retablisman w lan lakay ou. Yo pran angajman anvè ekselans epi yo anime filozofi swen ki santre sou moun Planetree a. Yon pwofesyonèl swen sante disponib 24 èdtan sou 24, sèt (7) jou sou sèt (7) si w gen kesyon konsènan kalite swen oswa sèvis ou yo. Mande pou w pale ak enfimye/è an chèf la sòti lendi pou rive vandredi, 7:00 a.m. jiska 4:00 p.m. Aswè ak wikenn, konpoze 0 epi mande pou pale ak sipèvizè administratif swen enfimye a.



## **Medsen Entèn**

Medsen entèn yo se doktè ki espesyalize nan swen pasyan ki entène nan lopital la. Medsen entèn nou yo sou plas epi yo disponib 24è sou 24 epi 7 jou sou 7. Yo sètifye nan medsin entèn oswa medsin familyal.

Pou garanti ou resevwa swen ki pi konplè yo, ki gen pi bon jan kalite yo, medsen entèn ou an ap travay avèk doktè swen primè w la (Primary Care Physician, PCP) pou devlope pi bon plan trètman an, swiv ou depi nan admisyon an jiska egzeyat la, epi kowòdone tout swen w yo pandan w nan lopital la.

## Jesyonè Ka

Si yo detèmine w ap gen bezwen sèvis andeyò lopital la lè w egzeyate, enfimye/è ki se jesyonè ka a gen pou I responsab pou fè aranjman pou swen sante espesyalize adomisil, ekipman medikal, ak sèvis adomisil pou pasyan ki nan faz tèminal lavi yo. Depatman Jesyon Ka a gen manm pèsònèl sòti 8:00 a.m. jiska 4:00 p.m., lendi pou rive vandredi. Pou kontakte yon jesyonè ka pandan lè fonksyònman regilye biwo yo, tanpri rele ekstansyon 5914 la apati anndan lopital la, epi apati deyò lopital la rele nan 203.276.5914.

## Sèvis Travay Sosyal

Travayè sosyal la gen pou l ede ou menm ak manm fanmi w yo si w gen bezwen swen andeyò lakay ou apre egzeyat ou nan lopital la, tankou plasman nan sant swen enfimye ki espesyalize, lopital reyabilitasyon entansif, ak mezon pou swen enfimye alontèm. Travayè sosyal yo kapab founi enfòmasyon ak referans tou bay ajans kominotè yo ki t a kapab ede avèk manje adomisil, asistans pou medikaman, konsèy prive ak gwooup soutyen, abri pou sanzabri, gadmanje, epi transpò. Depatman an gen manm pèsònèl sòti 8:00 a.m. jiska 4:00 p.m., lendi pou rive vandredi. Pou kontakte yon travayè sosyal pandan lè fonksyònman regilye biwo yo, tanpri rele ekstansyon 5914 la apati anndan lopital la, epi apati deyò lopital la rele nan 203.276.5914.

Nan aswè ak wikenn, yon manm ekip swen ou an kapab ede w adrese w ak yon enfimye/è ki se jesyonè ka a oswa yon travayè sosyal pou kesyon ki ijan yo.

## Relasyon avèk Pasyan yo

Si w gen yon sijesyon, plent, oswa konpliman konsènan nenpòt aspè nan swen w yo isit la, nou ankouraje w pou w kontakte yon patnè Relasyon avèk Pasyan yo. Nou kapab ede ou menm ak fanmi w jwenn eksplikasyon oswa rezoud pwoblèm yo. Ou ka kontakte nou sòti lendi pou rive vandredi, 8:00 a.m. jiska 4:00 p.m. Pou kontakte Depatman Relasyon avèk Pasyan yo rele 2590 apati anndan lopital la, oswa nan 203.276.2590 apati deyò lopital la. Nan aswè ak wikenn, konpoze O epi mande pou w pale ak sipèvizè administratif swen enfimye a.



## Chen Rezidan pou Terapi

Harrison se chen rezidan nou an pou terapi epi yon anplwaye aplentan nan Stamford Health. Li gen yon orè chak semèn ki konplè ki gen woulman yo asiyen nan plizyè depatman ki gen pami yo Reyabilitasyon Fizik, Pedyatri, Sante Konpòtmantal, ak Bennett Cancer Center. Li vizite pasyan ki nan lòt etaj lopital la tou epi li soutni anplwaye nou yo. Yo te detèmine entèvansyon zannimo asiste (Animal-assisted interventions, AAI) yo te gen plizyè avantaj pou sante. Entèraksyon ak zannimo yo ka diminye pèsepsyón doulè a, an patikilye nan milye klinik la, ogmante fòs nan misk yo, epi amelyore kontwòl konpetans pou fè mouvman ki egzat yo. Lè yo entegre Harrison nan plan swen yon pasyan, lè yo itilize konpetans espesifik, epi soutni travay lòt manm ekip la, Harrison se vrèman yon manm ekip swen an. Tanpri pa ezite pou w di Harrison yon ti bonjou oswa pou w karese l si w wè l akonpli tach chak jou li yo nan lopital la!





## Sante Espirityèl ak Byennèt

Sante espirityèl ak byennèt se yon pati enpòtan nan anviwònman gerizon an nan Stamford Health. Depatman Sante Espirityèl ak Byennèt (Spiritual Health & Well-Being Department) la gen yon estaf pèsònèl ki sòti nan plizyè reliyon ki genyen ladan I omonye, raben, ak prèt Katolik Women. Yo disponib 24è sou 24, 7 jou sou 7 pandan sejou w la. Nou respekte tout tradisyon reliye ak preferans espirityèl yo (ki enkli kwayans agnostik yo oswa ate) epi nou travay ansanm ak lòt manm pèsònèl nan lopital la pou ba ou pi bon swen posib.

### *Yon omonye kapab:*

- Ede w òganize pwòp panse w ak santiman w konsènan sa k ap pase a.
- Avèti kominate reliye w la ak/oswa klèje w la.
- Pèmèt ou resevwa sakreman yo.
- Founi ou materyèl devosyon (Bib, Koran, liv priyè tout kalite, bouji elektrik pou Saba, chaplè, elatriye).

Chapèl Entèrelijye Carey (Carey Interfaith Chapel) a sitiye nan sal akèy la, sou kote galri ki nan nivo sòl la epi li toujou louvri pou lapriyè, meditasyon, oswa kontanplasyon.

Pou kontakte Depatman Sante Espirityèl ak Byennèt la apati anndan lopital la, konpoze 7584, apati deyò lopital la rele nan 203.276.7584. Apre lè fonksyonman biwo yo, konpoze 1000 epi mande operatè a pou l mete w an kontak ak omonye ki nan peryòd gad li a.

# PANDAN OU ISIT LA

## Terapi Reyadaptasyon

Depatman Reyabilitasyon pou Pasyan ki Entène (Inpatient Rehabilitation Department) a ak Inite Reyabilitasyon Van Munching nan founi terapi fizik, okipasyonèl ak terapi lapawòl. Terapet fizik yo travay avèk ou pou ede ou rejwenn fòs, ekilib, kowòdinasyon, ak fonksyon ou yo. Terapet okipasyonèl yo founi terapi ki konsantre sou anwo kò a ansanm ak aktivite lavi chak jou, tankou abiye ak manje. Patolojis lapawòl-langaj (otofonis) yo ede w si w gen difikilte pou w pale, konprann enfòmasyon, ak/oswa pou w vale. Nan moman terapet la fè premye evalyasyon an, gen yon plan pou egzeyat ki mete sou pye an kolaborasyon avèk doktè yo, enfimye/è yo, travayè sosyal yo, epi lòt disiplin ki enplike nan swen ou yo pou garanti rezulta ki pi bon yo pou ou.

Pou kontakte Depatman Terapi Retablisman (Department of Rehabilitation Therapy) an nan Stamford Hospital, konpoze 2462, apati deyò lopital la rele 203.276.2462.



## Terapi Respiratwa

Terapet respiratwa yo disponib pou founi soutyen ak edikasyon bay tout pasyan yo 24 èdtan sou 24, sèt (7) jou sou sèt (7). Pou kontakte Depatman Sèvis Respiratwa (Department of Respiratory Services) a, konpoze 7494, apati deyò lopital la rele nan 203.276.7494.

## Famasi Stamford Health

Famasi Stamford Health la sitiye toupre antre prensipal lopital la epi li ka reponn ak bezwen w yo nan zafè medikaman, ki gen pami yo medikaman san preskripsiyon epi medikaman ki sou preskripsiyon. Si yo te preskri w yon medikaman espesyalize, ekip nou an nan Famasi Stamford Health la kapab akonpaye w pandan sejou w la. Famasi a louvri lendi pou rive vandredi, 8è 30 a.m jiska 6è p.m. epi samdi, 9è a.m. jiska 3è p.m.



Mande enfòmasyon konsènan pwogram Meds-to-Beds nou an pou w wè si medikaman ou yo ka livre bò kabann ou an. Pou kontakte famasi a konsènan pwogram Meds-to-Beds nou an, rele 2350, apati deyò lopital la rele nan 203.276.2350.

## Mande Famasyen an

Famasyen nou yo founi sèvis famasetik ki santre sou pasyan ba ou. Famasyen yo gen pou yo wè pasyan yo epi yo gen pou yo travay an konsiltasyon ak doktè w la, enfimye/è w la, epi ekip swen sante ki alye yo. Pwogram inovatè "Mande Famasyen an" nou an ankouraje w rankontre avèk youn nan famasyen nou yo pou yon egzamen konplè rejim medikaman w lan. Sèvis sa a disponib pou ou nenpòt ki lè pandan sejou ou a, epi sitou lè w egzeyate a, pou w konnen ak kisa pou w atann ou. Jis mande yon manm nan ekip swen w lan.

Si w kite Stamford Hospital epi apre sa w genyen yon kesyon konsènan medikaman w yo, famasi a ouvri pou ede w nan 203.276.7539 epi chwazi opsyon 1 an.

## Sèvis Benevòl

Benevòl yo soutni pasyan yo ak fanmi yo nan plizyè fason, jan w gen pou w wè sa atravè gid sa a. Yo jwe yon wòl enpòtan nan woutin chak jou lopital la lè yo amelyore sèvis alafwa depatman medikal yo ak depatman ki pa medikal yo founi yo. Benevòl adilt ak jinyò yo la pou fè sejou ou a pi agreyab posib. Benevòl yo ka founi vizit amikal, kourye, flè, epi plis bagay toujou. Yo disponib sòti lendi pou rive vandredi, 8è a.m. jiska 4è p.m. Pou kontakte Sèvis Benevòl yo konpoze 7521, apati deyò lopital la rele nan 203.276.7521.



## Sèvis Antretyen

Chanm pasyan nou yo netwaye chak jou. Si a nenpòt ki moman pandan sejou w la nan Stamford Health ou swete pou yo rafrechi chanm ou an, ekip antretyen nou an disponib 24 èdtan sou 24, sèt (7) jou sou sèt (7). Ou ka kontakte yo dirèkteman oswa mande ekip swen ou an pou yo ede w. Pou kontakte Depatman Sèvis Anviwònmantal (Department of Environmental Services) la nan Stamford Health, konpoze 6999, apati deyò lopital la, rele nan 203.276.7542.

## Terapi Konplemantè

Nou envite tout pasyan nou yo pou yo mande enfòmasyon sou terapi konplemantè nou yo tankou masaj, reiki, awomaterapi klinik, ansanm ak soutyen emosyonèl atravè Pwogram Chen Gerizon (Healing Hounds) nou an. Gras ak pwogram Chen Gerizon an, chen yo seleksyone espesyalman epi antrene, ansanm ak moun k ap drese yo a, vizite zòn swen ki apwopriye sou plan medikal yo. Ou kapab mande tout sèvis sa yo atravè Get Well Network nou an.

## JESYON DOULÈ W

Ekip Jesyon Doulè a prezan nan chak etap pou reponn ak bezwen w yo nan zafè doulè egi oswa kwonik epi pou founi swen endividyalize. Ekip pliridisiplinè sa a gen ladan I doktè, founisè swen ki avanse [Asistan Doktè (Physician Assistants, PAs) / Enfimye/è Pratisyen Espesyalize (Advanced Practice Registered Nurses, APRNs)], enfimye/è, famasyen, terapet fizik ak okipasyonèl, travayè sosyal, sikològ, ak lòt pwofesonèl sante ki alye.

Ekip pliridisiplinè nou an ki genyen espesyalis doulè ofri yon ekspètiz nan opsyon trètman ki pi avanse yo nan yon anviwònman soutyen ak konpassyon. Ekip medikal ou a ka ofri yon konsiltasyon avèk youn nan espesyalis doulè nou yo pandan li nan lopital la oswa antanke yon pasyan ki pa entène. Doktè Jesyon Doulè nou yo espesyalize nan jesyon medikaman ak apwòch entèvansyonèl avanse, epitou yo kolabore nan tèt kole ak terapi fizik/okipasyonèl, medsin entegre, ak sikoloji doulè. Pasyan yo jije ki anba gwo risk pou yo santi doulè apre yon operasyon ki pa ijan yo, yo ofri planifikasyon optimizasyon anvan operasyon avèk espesyalis jesyon doulè nou yo nan Sant Jesyon Doulè Stamford Health la. Pi bon jesyon doulè a depann sou kowoperasyon ak komunikasyon ant pasyan yo ak ekip swen respektif yo.

*Men kèk sigjesyon:*

- Diskite avèk doktè w la oswa enfimye/è w la sou si w mèt atann ou pou w santi doulè akòz eta sante w la oswa pwosedi k ap vini an.
- Diskite sou nenpòt eksperyans ou te fè nan tan pase konsènan jesyon doulè ak preyokipasyon ou ka genyen konsènan medikaman ak trètman yo.
- Diskite sou opsyon kontwòl doulè yo epi travay avèk chirijyen/doktè ou an ak enfimye/è ou an pou kreye yon plan pou jesyon doulè.
- Doulè a pi fasil pou jere lè yo trete l depi byen bonè. Tanpri di enfimye/è w la lè w fenk kòmanse santi doulè a.
- Kòm yon pòsyon aktivite (tankou terapi fizik) ka lakòz doulè oswa malèz, planifye ak enfimye/è w la pou doze medikaman yo depi alavans.
- Diskite avèk chirijyen/doktè w la oswa enfimye/è ou an si doulè ou an vin difisil pou jere, oswa si w santi efè negatif ki lye ak medikaman yo. Nan ka sa yo, ou ka diskite tou si yo santi yon konsiltasyon fòmèl sou jesyon doulè nesesè.

### Kominikasyon Konsènan Medikaman Ou Yo

Antanke yon pasyan nan Stamford Hospital, ou gen pou w resevwa enfòmasyon sou medikaman yo preskri w yo pandan sejou ou a ansam ak medikaman ou gen pou w pran lè w egzeyate yo. Enfimye/è w la, doktè w la, oswa famasyen w lan gen pou l diskite avèk ou sou rezon terapi a ansam ak efè segondè li posib pou w santi yo. Chak fwa yo ba ou yon medikaman, enfimye/è a gen pou l verifye òdonans elektwonik medikaman an epi eskane kòd ba a pou korespond ak presizyon dòz medikaman an avèk pwofil endividyal ou a. Ou kapab itilize Get Well Network nou an tou pou w pi byen konprann medikaman w yo. Mande yon manm nan ekip swen w lan si w gen nenpòt kesyon.

## **Swen Palyatif**

Swen palyatif yo se swen medikal espesyalize ki adapte pou pasyan ki nan nenpòt estad maladi ki grav. Li ofri èd nan jesyon doulè, sentòm, epi estrès ki lye ak lavi avèk maladi a.

Swen palyatif yo kapab itil nan tout estad maladi yo. Depi nan kòmansman an, li ka ede jere efè segondè yo pou fè trètman medikal yo pi tolerab. Nan dènye estad yo li ka redui soufrans lan, ede w kontinye ak lavi chak jou w, ede w planifye fiti swen medikal yo, epi founi soutyen pandan w ap viv ak yon maladi ki grav. Ekip swen palyatif la (doktè ak enfimye/è pratisyen yo) travay ansanm ak doktè ou yo pou founi yon soutyen siplément. Pou kontakte Depatman Swen Palyatif (Palliative Care Department) la apati anndan lopital la, konpoze 7582, apati deyò lopital la, rele nan 203.276.7582.

## **Konsènan Itilizasyon Marigwana Medikal oswa Rekreyatif nan Stamford Health**

Nou respekte dwa pasyan nou yo pou yo fè chwa nan zafè trètman yo epi nou konprann marigwana medikal ka fè pati rejim medikaman adomisil la. Lwa eta Connecticut la otorize itilizasyon marigwana medikal, sepandan lwa federal la entèdi itilizasyon li. Menm jan ak marigwana medikal la, marigwana rekreyatif la legal nan Connecticut men yo konsidere l kòm yon dwòg ilegal selon lwa federal la. Antanke yon founisè swen sante, nou dwe konfòme nou ak lwa federal la; pa konsekan, nou gen entèdiksyon pou nou preskri oswa distribye marigwana sou nenpòt fòm epi otorize itilizasyon marigwana rekreyatif nan lokal lopital la. Tanpri konnen nou pran angajman pou n garanti ou resevwa pi bon swen yo pandan w se yon pasyan nan sistèm sante nou an. Pa konsekan, ekip medikal Stamford Health la gen pou l evalye bezwen ou yo epi preskri terapi altènativ pou mariwana medikal la pou garanti maksimòm konfò pou ou.

## **Desizyon Ou Yo nan Zafè Swen Sante**

Lè ou se yon pasyan, oumenm ak pwòch ou yo jwe yon wòl ki esansyèl lè nou vin manm ki aktif, enplike ak enfòme nan ekip swen sante ou an.

## **Enstriksyon Alavans**

Selon lwa Connecticut la, ou gen dwa pou w pran desizyon alavans konsènan trètman medikal ou an. Desizyon sa yo gen pou yo respekte menm si ou vin pa anmezi pou w pran yo oswa kominike yo. Ou gen dwa tou pou w detèmine alavans ki moun ki ka pran desizyon pou ou konsènan pwoteksyon lavi oswa trètman medikal, si ou pa anmezi pou ou menm ou eksprime volonte sa yo.

Tout pasyan ki entène yo nan Stamford Hospital gen pou yo resevwa enfòmasyon sou enstriksyon alavans yo nan kad pwosesis admisyon an epi yo gen pou yo mande yo si yo gen yon testaman lavi oswa yon reprezantan ki nonmen pou swen sante yo. Si ou pokò fè sa, ou ka deziyen enstriksyon alavans ou yo ak yon reprezantan pou swen sante yo nan Stamford Hospital. Si w bezwen asistans pou pwosesis sa, n ap byen kontan ede w. Tanpri mande enfimye/è w la si w bezwen plis kopi siplémentè enfòmasyon ou te resevwa lè admisyon an, oswa si w bezwen asistans pou w ranpli nenpòt ki dokiman.

## Egzeyat Malgre Avi Medikal Dekonseye sa

Li pa rekòmande pou pasyan yo kite lopital la si avi medikal la dekonseye sa. Si w vle ale malgre yon avi dekonseye w fè sa, y ap mande w pou w siyen yon fòm Egzeyat Malgre Avi Medikal Dekonseye Ou. Y ap enfòme doktè w la ak, lè sa apwopriye, fanmi w si w ap fè demann sa a. Si w deside kite lopital la malgre yon avi medikal dekonseye w fè sa, yo gen pou yo fè tout sa yo kapab pou ba ou enstriksyon egzeyat ki rekòmande yo ak preskripsyon pou medikaman ki nesesè pou kontinye avèk swen w yo.

## Pa Reyanime (Do Not Resuscitate, DNR)

Ou ka mande pou yo pa lanse mezi reyanimasyon kadyopilmonè (Cardiopulmonary Resuscitation, CPR) yo si t a gen yon arè respiratwa oswa kadyak. Nan ka sa yo, doktè pasyan an dwe ekri yon lòd Pa Reyamine pou kominike volonte pasyan an bay tout manm pèsònèl yo.

## Etik

Ka genyen moman kote ou menm oswa fanmi w, si n pa kapab pran desizyon, nou santi n ensèten oswa an konfli ak plan swen w lan. Nan ka sa a, ekip swen sante ou an gen pou l travay avèk ou epi/oswa fanmi ou pou rive jwenn yon rezolisyon. Komite Etik Stamford Hospital la disponib tou pou founi rekòmandasyon epi pou rezoud pwoblèm etik yo ki lye ak swen pasyan yo.

## Konsantman Eklere

Pou asire li pasyan yo konprann opsyon medikal yo genyen yo, Stamford Hospital egzije pou li jwenn konsantman eklere yon pasyan epi pou yo dokimante l anvan yon pòsyon trètman oswa pwosedi. Doktè w la responsab pou li eksplike nati pwosedi a oswa trètman an epi diskite sou avantaj ki posib yo ansanm ak risk ki previzib yo epi altènativ pou swen yo, tankou refize trètman an. Fòm konsantman ki ranpli yo gen pou fè pati dosye medikal ou a. Si w swete diskite sou trètman an oswa pwosedi a plis an detay anvan ou siyen fòm sa yo, tanpri kontakte doktè ou an.

## Don Ògàn

Tout pasyan yo ki entène nan Stamford Hospital gen pou yo resevwa yon pake enfòmasyon konsènan don ògàn. Lopital la travay an kowoperasyon ak Bank Ògàn New England (New England Organ Bank) lan, yon ajans ki pa la pou fè pwofi ki gen misyon pou rekipere, prezève ak distribye ògàn ak tisi imen pou grèf. Si w gen kesyon konsènan don ògàn nan, tanpri mande enfimye/è ou an.

# SEKIRITE SWEN OU YO

## Sekirite Pasyan yo

Tout moun gen yon wòl pou jwe pou rann swen sante yo san danje. Stamford Hospital mentni estanda ki pi elve yo nan sa ki gen pou wè ak sekirite pasyan yo. Nou ankouraje w tou pou w jwe yon wòl aktif nan ekip swen sante w la. Men kèk egzanp sou kijan:

- Pa ezite pou w poze manm ekip swen w yo kesyon konsènan pratik yo nan zafè lavaj men.
- Itilize sèvyèt dezenfektan pou men yo sou plato repa ou an pou netwaye men ou anvan ou manje.
- Ankouraje vizitè ou yo pou yo itilize estasyon dezenfeksyon men yo ki sitiye nan koulwa a toupre chanm ou an.
- Konnen medikaman ou yo, non yo, poukisa yo bon, epi si yo gen nenpòt efè segondè oswa entèrakson.
- Asire w manm pèsònèl nou yo konfime idantite w anvan yo ba w medikaman oswa anvan w sibi tès oswa pwosedi yo. Ekip swen an gen pou l mande w pou w bay non w ak dat nesans ou souvan kòm yon fason pou pwoteje swen nou bay yo.
- Asire w ou swiv enstriksyon ki gen rapò ak prevansyon tonbe yo. Asire w ou byen mete bagay pye yo, epi tanpri rele pou w jwenn asistans pou w antre ak sòti nan kabann nan si sa nesesè, sitou apre tès oswa pwosedi yo oswa apre w fin pran yon pòsyon medikaman.
- Enfòme doktè w la oswa enfimye/è w la si w ap pran nenpòt medikaman yo pa t preskri w ou achte san preskripsyon, ki gen pami yo vitamin, sipleman oswa preparasyon abaz plant.
- Poze tout kesyon anvan ou bay konsantman w pou yon operasyon oswa pwosedi yo.
- Mande yon eksplikasyon sou tès oswa pwosedi yo preskri w yo.
- Mande rezulta tès ak/oswa pwosedi w yo.
- Tout manm pèsònèl lopital yo ak volontè yo idantifyab avèk badj idantifikasyon ki gen foto. Si yon moun antre nan chanm ou an san li pa afiche yon badj idantifikasyon lopital la, tanpri avèti yon manm pèsònèl.
- Swiv enstriksyon doktè w la konsènan trètman w lan ak retablisman w lan, pami yo aktivite yo, swen blesi yo, epi vizit swivi yo.

## RELE ANVAN OU TONBE

**Nou konprann ou pa ka tann pou w rejwenn endepandans ou epi pou w angaje w sou wout gerizon an, men byennèt ou se premye priyorite nou.**

**Anvan pou w leve sou kabann nan oswa yon chèz, itilize sonèt apèl ou an pou w mande yon manm ekip swen w lan pou l ede w. Nou vle anpeche w tonbe.**

## Alam Dife

Pou nou kapab founi anviwònman ki pi sekirize posib la, nou teste sistèm alam nou yo detanzantan. Si w tande yon sonèt, oswa w wè limyè k ap flache, oswa si yon manm nan ekip swen w lan fèmen pòt ou a, tanpri ou pa bezwen pa enkyete w. Nan ka kote t a genyen yon ijans reyèl, manm pèsònèl nou yo resevwa fòmasyon ki konplè pou yo ede w.

## Objè ki Pèdi epi yo Jwenn

Seksyon Objè ki Pèdi yo Jwenn yo anba jesyon Depatman Pwoteksyon ak Sekirite (Department of Safety and Security) nou an epi li sitiye nan etaj ki nan nivo sòl la, anfas Radyoloji a. Si ou pèdi oswa blye yon afè pèsònèl ou, manm pèsònèl nou yo ap kontan ede ou. Pou kontakte Depatman Pwoteksyon ak Sekirite a, konpoze 7666. Apati deyò lopital la, rele nan 203.276.7666.

## Sekirite Pasyan ak Envite yo

Depatman Pwoteksyon ak Sekirite Stamford Hospital la pare pou ede w 24 èdtan sou 24, sèt (7) jou sou sèt (7). Pou kontakte Depatman Pwoteksyon ak Sekirite a nan Stamford Hospital apati anndan lopital la, konpoze 7666. Apati deyò lopital la, rele nan 203.276.7666.



# AKSÈ AK ENFÒMASYON

## Bibliyotèk / Sant Resous Medikal Stamford Hospital

Bibliyotèk / Sant Resous la sitiye nan etaj lopital la ki nan nivo sòl la toupre Admision an. Menm si li se prensipalman yon sant resous klinik k ap sèvi doktè, enfimye/è, ak lòt pwofesyonèl swen sante nou yo, bibliyotèk la ouvri pouiblik la epi li genyen manm pèsonèl ladan I sòti lendi pou rive vandredi, 8:00 a.m. jiska 4:00 p.m. Nou envite pasyan ak vizitè yo pou yo itilize pòs travay ki sitiye nan antre bibliyotèk la pou jwenn aksè ak entènèt pou enfòmasyon sante konsomatè yo oswa bezwen enfòmatik pèsonèl pandan yo sou plas. Pou kontakte bibliyotèk la, konpoze 7522 oswa apati deyò lopital la, rele nan 203.276.7522.



### Literati

Dokiman alekri sou divès kondisyon medikal, tès dyagnostik, pwosedi, ak medikaman yo disponib nan zòn ki rezève pou pasyan yo oswa sou demann nan men yon manm ekip swen ou an.

### Bibliyotèk Ferguson Anliy

Bibliyotèk publik Stamford la, Bibliyotèk Ferguson nan, ofri anpil diferan sèvis pou kominate Stamford la. Stamford Health te fè yon aranjman espesyal pou pote resous anliy Bibliyotèk Ferguson nan pou pasyan nou yo bò kabann yo.

Ou kapab li yon liv elektwonik, gade yon fim, koute mizik, li yon magazin, oswa koute yon liv odyo sou telefòn entèlijan w lan, tablèt ou a, oswa òdinatè pòtab ou a. Ou kapab mande tou pou w itilize yon iPad lopital la nan objektif sa a.

#### Lè w ap itilize pwòp aparèy ou:

- Si w se yon rezidan Stamford ki gen yon kat bibliyotèk, oswa ou bezwen mande yon kat bibliyotèk, ale sou FergusonLibrary.org.
- Si ou pa yon rezidan Stamford, ou ka aksede ak materyèl yo apati sit entènèt bibliyotèk vil ou a.

#### Lè w ap itilize yon iPad lopital la:

- Ou kapab itilize tou yon iPad lopital ak kont kat bibliyotèk nou an pou w aksede ak dokiman bibliyotèk la, an fonksyon disponiblite yo.

Tanpri mande yon manm nan ekip swen w lan pou enstriksyon yo oswa mande yon iPad lopital la.

## Prekosyon pou Prevansyon ak Kontwòl Enfeksyon

- Si w ap touse oswa ou pa santi w byen, oswa si w te ekspose ak yon maladi kontajye oswa enfektye, tanpri repwograme vizit ou a oswa telephone pasyan an pito. Manm fanmi yo t a dwe konnen timoun ki piti anpil yo ka anba gwo risk lè yo ekspose ak maladi ki nan lopital yo.
- Nou mande pou vizitè yo netwaye men yo avèk savon epi dlo oswa dezenfektan pou men anvan ak apre vizit yo a.
- Pasyan yo ki sou prekosyon izolman yo ap gen yon siy "Izòlman" ki afiche sou pòt chanm nan ak enstriksyon espesifik pou vizitè k ap antre nan chanm nan. Tout vizitè yo dwe konfòme yo, sa enkli mete ekipman pwoteksyon pèsònèl (pa egzanp blouz, gan, oswa mask). Tanpri prezante w nan estasyon enfimye/è a pou w jwenn enstriksyon sou fason pou mete ak retire ekipman pwoteksyon pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) yo nan yon fason ki sekirité.
- Si yon vizitè pa dispoze pou l konfòme l ak pwotokòl izòlman yo, yo ka anile privilèj vizit li yo akòz enpak la sou pasyan yo ak manm pèsònèl yo.

## Netwayaj Pwen Kontak

Redui enfeksyon moun pran nan lopital yo se yon objektif majè nan Stamford Hospital, epi ekip antretyen nou an jwe yon wòl esansyèl lè yo dezenfekte chanm pasyan yo ak lòt zòn nan lopital la. Anplis netwayaj nòmal la, ekip nou an akòde yon atansyon espesyal ak "pwen kontak yo" - zòn sa yo pasyan nou yo antre an kontak ak yo plis, tankou ranp kabann yo, remòt televizyon an, epi telefòn nan. Lè yo konsantre sou eksperyans pasyan an, ekip antretyen nou an te ede Stamford Health reyalize yon to enfeksyon moun pran nan lopital ki vrèman pi ba pase mwayèn nasyonal la.

Si a nenpòt ki moman pandan sejou w lan ou swete jwenn sèvis antretyen siplemantè, tanpri kontakte Sèvis Anviwònmantal yo lè w konpoze 6999.

## Kite Stamford Hospital

Pandan sejou w la, estaf manm pèsònèl entèdisiplinè nou an ki genyen ladan l moun k ap bay swen ki pwofesyonèl ap travay avèk ou menm epi doktè ou an pou devlope yon plan egzeyat ki apwopriye.

## Priyorite nan pwoesisis Egzeyat la

Objektif nou atravè pwoesisis sa a se fè eksperyans lan swa ak transparan toutotan sa posib - epi fè ou tounen lakay ou ale jwenn pwòch ou yo. Manm pèsònèl nou yo ap kontan kòmande manje maten ou pou ou, ede w benyen/mete rad, epi yo ka menm fè libre medikaman w yo nan chanm ou anvan ou ale. Nou gen pou n travay avèk ou epi patnè swen w yo pou garanti w gen tout sa w bezwen pou tranzisyon pou w ale lakay ou a epi egzeyat nan lopital la anvan 11è a.m. Stamford Health ofri yon Sal Egzeyat kote ou kapab tann nan yon espas konfòtab pou mwayen transpò k ap mennen w lakay ou a. Sal Egzeyat la sitiye nan antre prensipal Paviyon Whittingham nan.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan egzeyat ou an oswa swen swivi ou gen bezwen yo, tanpri pale ak ekip swen w lan.

# ENFÒMASYON SOU FAKTIRASYON

## Fakti Lopital pou Pasyan ki Entène

Pasyan ki entène nan lopital la gen pou yo resevwa fakti ki separe pou kèk sèvis. Fakti lopital ou a ap gen ladan I frè pou chanm ou an, manje, medikaman, founiti medikal ak sèvis, epi tout tès oswa pwosedi, ki gen pamí yo radyografi.

## Fakti Pasyan ki pa Entène

Pasyan yo wè nan yon klinik lopital oswa nan anviwònman pou pasyan ki pa entène, pamí yo sal ijans yo, ka resevwa fakti ki separe pou kèk sèvis. Fakti w pou pasyan ki pa entène a ap gen ladan I frè pou itilizasyon etablisman an, medikaman, founiti medikal, epi tout tès oswa pwosedi, ki gen pamí yo radyografi.

## Faktirasyon pou Lòt Sèvis Pwofesyonèl nan Lopital Nou an

Anplis yon fakti lopital la, ou ka resevwa fakti ki separe pou sèvis pwofesyonèl gwoup doktè ekstèn ki gen privilèj nan lopital sa a founi yo, ki enkli sal ijans lan. Pa egzanp, doktè sal ijans yo, anestezis yo, radyolog yo, chirijyen yo, kadyolog yo, obstetrisyen yo, patolojis yo, ak lòt konsiltan yo.

Ou gen responsabilite final pou pèman fakti lopital ou a. Si sa aplikab, Stamford Hospital gen pou l faktire konpayi asirans sante komèsyal ou an, Medicare A oswa B, oswa Medicaid, oswa nenpòt lòt asirans gouvènmantal nan non w. Ou responsab pou w bay Stamford Health enfòmasyon sou asirans ki ajou, pou nou ka fè tout efò posib pou nou soumèt reklamasyon asirans yo alè. Sou demann, Stamford Hospital ofri opsyon pèman ak asistans finansyè pou pasyan ki kalifye k ap chèche èd siplemantè pou fakti lopital yo genyen yo.

Se dwa w pou w chwazi pou Stamford Hospital pa faktire konpayi asirans sante w la dapre règlemantasyon federal Lwa sou Teknoloji Enfòmasyon sou Sante pou Sante Ekonomik ak Klinik la (Health Information Technology for Economic and Clinical Health, HITECH) epi lopital la p ap voye yon reklamasyon bay konpayi asirans sante w la. Si w t a chwazi opsyon sa a, yo ka mande w pou w peye fakti w la konplètman. Si w gen kesyon konsènan fakti lopital ou a oswa ou vle bay lopital la enfòmasyon siplemantè sou faktirasyon an, tanpri rele Depatman Sèvis Kliyantèl (Department of Customer Service) nou an nan 203.276.7572.

Stamford Hospital pa faktire pasyan yo frè siplemantè nan kad ijans an konfòmite ak règlemantasyon federal Lwa Kont Fakti Sipriz la (No Surprises Act).

# EKIPMAN POU PASYAN AK ENVITE YO

**ATM** — Gichè otomatik yo sitiye toupre antre prensipal lopital la epi toujis deyò antre Sal Ijans la pou plis fasilité pou ou.

## Lè Vizit yo

Antanke yon lopital Planetree, nou kwè fanmi yo, zanmi yo, ak pwòch yo esansyèl pou pwosesis gerizon an. Pa konsekan, nou te adopte yon pwogram "vizit pasyan an dirije" ki pèmèt ou detèmine ki moun ou t a renmen ki vizite w, ak ki lè sa ap bon pou ou menm ki se pasyan an. Pwogram sa a pèmèt manm fanmi yo enplike nan pwosesis gerizon chak pasyan.

Timoun ki pokou gen 12 lane yo gen otorizasyon pou yo vizite jiska 8è p.m., yo dwe gen yon adilt ki akonpaye yo, epi adilt yo dwe toujou sipèvize yo.

Akomodasyon ka fèt pou demann vizitè ki adilt (ki gen 18 lane oswa plis) yo fè pou yo pase lannwit lan, si sa posib. Nou mande pou yo ranje afè pèsònèl envite yo anvan 7:30 a.m., sa ki pèmèt pou manm pèsònèl yo anmezi founi swen ki san danje epi ki aksesib pandan jounen an. Tanpri sonje, akòz nati klinik inite ki vin annapre yo ak demann pasyan nou yo, lè vizit yo limite: lè vizit inite konpòtmantal yo se lendi pou rive vandredi, 6:00 p.m. jiska 8:00 p.m.; wikenn ak jou ferye, 2:00 p.m. jiska 4:00 p.m. epi 6:00 p.m. jiska 8:00 p.m. Paran inite pedyatrik yo ka vizite nenpòt ki lè, epi gen akomodasyon ki ka fèt pou yo pase lannwit lan. Timoun ki pokou gen 16 lane yo dwe gen yon adilt ki akonpaye yo.

**Lè vizit yo kapab chanje. Pou enfòmasyon ki pi resan yo, tanpri vizite sit entènèt nou an [stamfordhealth.org](http://stamfordhealth.org).**

## Direktiv pou Vizitè yo

Nou akeyi fanmi ak zanmi yo, epi nou mande pou nenpòt moun k ap vizite yon pasyan nan Stamford Hospital pou l konsidere pwen ki vin annapre yo:

- Tanpri konsidere bezwen pou repo a pandan pwosesis gerizon an ak lefèt pwòch ou a ki malad la ka pa santi l anvi pale.
- Nou apresye asistans ou pou pwomouvwa yon anviwònman gerizon ki repozan pou tout pasyan nou yo.
- Vizitè yo gen otorizasyon pou yo sòti lakay yo avèk manje yon pasyan pi renmen. Sepandan, akòz posib restriksyon alimantè yo epi lòt restriksyon, tanpri verifye avèk ekip swen an anvan nou pote manje oswa bwason yo.
- Pou respekte vi prive pasyan yo, tanpri evite fè foto, anrejistre video, anrejistre odyo, ak difize an dirèk.

## Akomodasyon pou Pase Lannwit

Yon lis akomodasyon lokal yo disponib nan Biwo Enfòmasyon ki sitiye nan etaj lopital la ki nan nivo sòl la. Pou kontakte Biwo Enfòmasyon an apati anndan lopital la, konpoze 7450, apati deyò lopital la, rele nan 203.276.7450.

## Zannimo Asistans yo

Stamford Hospital rekonèt soutyen esansyèl zannimo sèvis yo. Pasyan ak vizitè ki gen andikap yo ki mande pèmisyon pou yo mache ak zannimo asistans gen pou yo resevwa akomodasyon nan yon fason ki rezonab an konfòmite ak lwa eta yo ak lwa federal yo. Mande ekip swen w lan pou enfòme Relasyon avèk Pasyan yo pou ede w ak nenpòt preyokipasyon oswa kesyon ki gen rapò ak yon zannimo ki bay asistans.

## Repa pou Vizitè yo

### Hub la (Kafeterya Prensipal)

Kafeterya nou an nan premye etaj Bilding Warner lan, epi li sèvi manm pèsònèl yo ak vizitè yo manje maten, manje midi epi dine sèt (7) jou sou sèt (7). Rele MILK (6455) pou w konnen lè fonksyònman kafeterya a oswa pou meni jounen an.



### Bistwo West Side

Pandan li sitiye toujis anndan antre prensipal nouvo tou lopital la nan etaj ki nan nivo sòl la, Bistro West Side ofri manje maten, manje midi, dine, ak ti goute. Restorasyon chak jou a gen ladan l'yon Starbucks™ avèk sèvis konplè, pwodui boulanjri, smousi, manje maten, salad, pitza pèsònèl, ak yogout glase.



### Chanm Kachè: Espas Aaron an (Aaron's Place)

Espas Aaron an se yon espas nan Stamford Hospital an memwa Aaron Zvi Sichel. Espas sa a fèt pou bay konfò, yon sans kominate, epi lapè. Manm kominate yo ki se pratikan kapab pran yon ti goute kachè, limen bouji, oswa pran yon repa Saba pandan y ap vizite pwòch yo nan lopital la. Li sitiye nan etaj Pavillion Whittingham nan ki nan nivo sòl la. Tanpri mande yon manm nan ekip swen w lan pou l dirije w pou w ale nan Espas Aaron an.



## ASANSÈ SABA A

An konsiderasyon pou fanmi nou yo ak manm pèsònèl nou yo ki obsève Saba Jwif la, yon asansè (ki make klèman) ap fonksyone kontinyèlman epi l ap kanpe nan chak etaj sòti nan etaj ki nan nivo lari la jiska 10yèm etaj la sòti vandredi lè solèy la kouche pou rive samdi lè solèy la kouche.

*Tanpri sonje pòt asansè yo ap rete louvri yon ti kras pi lontan pase jan sa konn abitye fèt.*



## Magazen Kado

Boutik Kado Stamford Hospital la sitiye nan etaj lopital prensipal la ki nan nivo sòl la. Manm pèsonèl yo ak benevòl yo la pou ede w avèk acha, livrezon flè, epi lòt kado ou swete chwazi. Jou fonksyònman yo se lendi jiska samdi. Pou konnen orè fonksyònman aktyèl la, tanpri vizite stamfordhealth.org oswa kontakte Boutik Kado a nan Stamford Hospital. Apati anndan lopital la, konpoze 7458. Apati deyò lopital la, rele nan 203.276.7458.

## Itilizasyon Aparèy Elektwonik

Lè w ap itilize yon aparèy elektwonik tankou yon telefòn selilè, tanpri toujou respekte moun ki tou pre w yo oswa ki nan chanm ou an. Si w gen yon demann espesyal konsènan itilizasyon an, tanpri pale ak yon manm ekip swen w lan. Ou kapab itilize yon òdinatè pòtab nan lopital la. Gen estasyon pou pran chaj ki disponib nan tout chanm pasyan yo ak nan sal atant pou fanmi yo.

## Pakin pou Envite

Nou ofri sèvis kote yon manm pèsonèl ap pakin veykil la epi opsyon pou pwopriyetè veykil la pakin pwòp veykil li pou tout pasyan yo ak envite yo. Frè pou manm pèsonèl al pakin machin yo se \$4 pa jou avèk rediksyon si w itilize sèvis la anpil ki disponib nan estann manm pèsonèl ki responsab pou fè sa yo. Tarif pakin poukонт ou a se \$2 pa èdtan avèk yon maksimòm chak jou ki se \$10. Si w gen nenpòt preyokipasyon an patikilye pou pakin, ou ka kontakte Depatman Pwoteksyon ak Sekirite a. Pou kontakte Depatman Pwoteksyon ak Sekirite a nan Stamford Hospital, konpoze 7666. Apati deyò lopital la, rele nan 203.276.7666.

## Kat Swè

Zanmi ak fanmi yo ka voye kat swè ba ou pa kourye elektwonik nan lopital la lè yo vizite sit entènèt nou an nan [stamfordhealth.org](http://stamfordhealth.org). Manm pèsonèl Biwo Enfòmasyon an gen pou yo enprime epi livre kat swè yo pi rapid posib.

# PLIS ENFÒMASYON KONSENAN STAMFORD HEALTH

## Pou Nou Vanse: Sante ak Byennèt Ou Menm ak Fanmi Ou

Nou la pou n ba w enfòmasyon ki gen rapò avèk sante ki ajou epi soutyen. Sit entènèt nou an ki resevwa prim founi enfòmasyon sou sijè ki gen rapò ak sante, opòtinite karyè, ak lis doktè yo, ansanm ak yon kantite nan pwogram ak sèvis nou yo. Tanpri vizite nou nan [stamfordhealth.org](http://stamfordhealth.org). Pou jwenn enfòmasyon sou pwogram ak evènman kominotè yo, tanpri vizite [stamfordhealth.org/classes-events/](http://stamfordhealth.org/classes-events/).



## Konsèy Konsiltatif Pasyan ak Fanmi yo

Èske w te konnen ou ka itilize eksperyans ou an nan Stamford Health pou w ede fiti pasyan yo ak fanmi yo? Konsèy Konsiltatif Pasyan ak Fanmi nou an (Patient and Family Advisory Council, PFAC) se yon gwoup volontè ki pataje lide yo pou ede fasone òf swen sante yo pou lòt moun. Pandan y ap travay nan tèt kole avèk manm pèsonèl Stamford Health yo, volontè Konsèy Konsiltatif Pasyan ak Fanmi (Patient and Family Advisory Council, PFAC) nou yo patisipe nan devlopman pwogram ak politik yo pou garanti misyon swen nou yo ki santre sou moun nan blayi nan kè tout sa n ap fè. Ou ka kontribye nan amelyorasyon eksperyans swen sante yo pou fiti pasyan yo ak fanmi yo lè w voye yon imèl bay planetree@stamhealth.org oswa rele nan 203.276.7521 pou w patisipe!

## Fondasyon Stamford Hospital

Misyon Fondasyon Stamford Hospital la se jwenn resous finansyè ki nesesè pou soutni Stamford Hospital. Kontribisyón yo bay Stamford Hospital yo ede konplete pri akizisyon dènye teknoloji yo, soutni pwogram medikal ki esansyèl pou Lopital la, epi sa ki pi empòtan an, yo ede amelyore sèvis nou yo ki santre sou pasyan yo. Kado ki jenere, alafwa gwo kou piti, kontribye nan amelyorasyon sante ak byennèt timoun yo, moun yo, epi fanmi yo nan tout kominote nou an.



## Fason pou Bay

Si w swete soutni Stamford Hospital atravè yon don, ou ka voye don ou an pa lapòs bay: Stamford Hospital Foundation, 3001 Summer Street, 2nd floor, Stamford, CT, 06905. Ou kapab fè don an anliy tou nan [www.stamfordhospitalfoundation.org](http://www.stamfordhospitalfoundation.org).

## Kado nan Lonè yon Moun

Ou kapab swete bay yon kado nan lonè yon manm ekip swen w lan oswa doktè w la antanke yon rekonesans espesyal pou swen ou te resevwa pandan sejou ou a isit la nan Stamford Hospital. Fè nou konnen ki moun ou t a renmen onore, epi n ap enfòme l konsènan kado w la.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Fondasyon an nan 203.276.5900 oswa voye yon imèl ban nou nan foundation@stamhealth.org. Chak jou, soutyen w gen pou l genyen yon gwo tonton efè pozitif sou pasyan nou yo ak fanmi yo. Nou remèsyé w davans pou angajman w anvè Stamford Hospital.

# REKONESANS AK DEZIYASYON STAMFORD HEALTH

## Ekselans Swen Enfimye yo

Stamford Hospital se youn nan kèk gress lopital nan tout peyi a ki te rive jwenn deziyasyon prestijye Magnet la nan men Sant Akreditasyon Enfimye/è Ameriken yo nan kad Pwogram Rekonesans Magnet® la, pi gwo rekonesans ki posib pou enfimye/è yo.



Sa reflete devouman nou pou n founi swen siperyè pou pasyan yo, sekirite, kalite, ak satisfaksiyon pasyan yo. Nou gen fyète pou onè sa a. Nou gen fyète pou enfimye/enfimyè nou yo.



## Te Resevwa Sètifikasyon Planetree

Stamford Health se youn pami sèlman 90 òganizasyon swen sante ki te rive jwenn Sètifikasyon Lò nan men Planetree International pou Ekselans nan Zafè Swen ki Santre Sou Moun. Antanke yon lopital Planetree, nou pran angajman pou pèsonalize, imanize ak demistifye eksperians swen sante yo pou pasyan yo ak fanmi yo. Apwòch nou an global epi l ankouraje gerizon an nan tout dimansyon yo - lespri, kò ak namn.

## Gold Seal of Approval® Komisyón Miks la

Stamford Hospital te resevwa So Lò Apwobasyon Komisyón Miks la pou akreditasyon li an lè li demonstre konfòmite li ak estanda nasyonal Komisyón Miks yo pou kalite ak sekirite swen sante yo nan lopital yo. Prim akreditasyon an rekonèt devouman Stamford Hospital pou I konfòme l an pèmanans ak estanda modèn Komisyón Miks la.



## Key Quality Measures® Komisyón Miks la

Komisyón Miks la, ki konsidere so lò a pou swen lopital yo, te nonmen Stamford Hospital kòm yon Top Performer on Key Quality Measures®.



**STAMFORD HEALTH**

Bennett Medical Center Campus  
One Hospital Plaza  
P.O. Box 9317  
Stamford, CT 06904

**[StamfordHealth.org](http://StamfordHealth.org)**